O’zbekstan Respublikası Joqarı ha’m orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi

Berdaq atındag’ı Qaraqalpaq ma’mleketlik

universiteti

Tariyx ha`m huqiq fakulteti

Jan’a zaman filosofiyasi tariyxi pa`ninen

# KURS JUMISI

*Tema:* ***XVIII a’sirdegiFransuz ag’artiwshilarinin’ ja’miyetlik-filosofiyaliq ko’z qaraslari***

Orınlag’an : Jan’abaeva N

Qabıllag’an : Xudaybergenova U.

No’kis - 2015

**Jobasi:**

**Kirisiw........................................................................................................3**

**I-Bap Frantsuz ag'artiwshiliq filosofiyasi**

**§.1.1. Sharl de Monteskie ja'miyetlik ag'artiwshiliq ko'z qaraslari…........8**

**§.1.2.Volterdin' ja'miyetlik siyasiy ha'm ag'artiwshiliq ko'z qaraslari…11**

**II-Bap.Frantsiyadagi filosofiyaliq oy pikirler**

**§.2.1 XVIII a'sirdegi materialistlik ko'z qarastin' rawajlaniwi.................16**

**§.2.2.Gelvetsiy ha'm Golbaxtin' materialistlik ta'liymati.........................24**

**Juwmaqlaw ……………………………………………….........................28**

**Paydalang`an a`debiyatlar…………………………...............................30**

**Qosimshalar**

## Kirisiw

Bu’gin biz tariyxiy bir da’wirde xalqimiz o’z aldina iygilikli ha’m ulli maqsetler qoyip, paraxat-tinish turmis keshirip, en’ da’slep o’zinin’ ku’shi ha’m imkaniyatlarina tayanip, demokratiyaliq ma’mleket ha’m puqaraliq ja’miyetin quriw jolinda u’lken na’tiyjelerdi qolg’a kirgizip atirg’an bir zamanda jasap atirmiz.

Biz o’z tag’dirimizdio’z qolimizg’aalip, a’zeliy qa’diriyatlarimizg’a su’yenip, sonin’ menen birge, rawajlang’an ma’mleketler ta’jiriybesin esaqa alg’an halda, mine usinday jaqsi niyet umitilislar menen jasap atirg’animiz, xalqimizdin’ a’sirler dawaminda arziw-arman etip ketken azat, erkin ha’m parawan turmisti qurip atirg’animiz, bul jolda erisip atirg’an jetiskenliklerimizdi xaliqaraliq ja’miyetshilik ta’n alg’ani- bunday imkaniyatlardin’ ba’rshesin tek g’ana g’a’rezsizlik bergenin bu’gin ha’mmemiz teren’ an’laymiz. Solay etip g’a’rezsiz elimizde o’zinin’ rawajlaniw jolin tan’lap aldi ha’m bul rawajlaniw joli bolg’an o’zbek modeli milliy ma’mleketshiligimiz, qa’diriyatlarimiz, u’rp-a’det da’sturlerimizge tiykarlanadi. Ja’miyetimizdin’ turaqli rawajlaniwinda usinday modeldi jaratiwda, ha’r ta’repleme teren’ islep shig’iwda ha’m oni a’melge asiriwda jurtbasshimiz I.A.Karimovtin’ xizmeti ju’da u’lken a’hmiyetke iye.

Prezidentimiz I.A.Karimov ja’miyetimizde ju’z berip atirg’an mashqalalardi teren’ ilimiy analiz etip, olardi sheshiwde, milliy ideya ha’m milliy ideologiyalardi qa’liplestiriwde filosofiya iliminin’ orni u’lken a’hmiyetke iye ekenligin ayriqsha atap o’tti. Usig’an tiykarlang’an halda filosofiya ilimi du’nya filosofiyasi jetiskenliklerin u’yreniw menen bir qatarda milliy filosofiyaliq pikirlerdin’ rawajlaniwinda o’shpes iz qaldirg’an tariyxiy ata-bablarimizdin’ ulli miyrasinda u’yreniw ha’m bulardi o’z gezeginde jas a’wladtin’ sanasina sin’diriwde ayriqsha a’hmiyetke iye bolg’an waziypalardi atqariw kerek.[1]

[1] Karimov I.A “Yuksak ma’naviyat yengilmas kuch” Tashkent 2008

Biz bu’gingi rawajlang’an da’wirde ha’r bir ma’mlekettin’ o’tmishine, tariyxina na’zer taslar ekenbiz, sol ma’mlekettin’ ilim, madeniyatinin’ rawajlaniwinda o’zlerinin’ u’lken miyneti menen o’shpes iz qaldirg’an tariyxiy insanlardin’ bolg’anlig’in ko’riwimizge boladi. Olar tek o’zleri jasag’an da’wir ushin emes, al ha’zirgi ku’n, keleshek a’wlad ushin da bay tariyxiy miyras qaldirip ketken. Olardin’ qaldirg’an miyrasin o’z sapasin jog’altpag’an joqari da’rejedegi bahaliq desek qa’telespeymiz.

**Jumistin` maqseti:**

XVIII a’sirdegi Frantsiyadag’i ja’miyetlik turmisti, filosofiyaliq pikirlerdi, ko’z-qaraslardi u’yrenip shig’iw ha’m analiz etiw.Usi da’wirde Frantsiyadag’i ag’artiwshiliq oydin’ ja’miyetlik turmisqa ta’sirin u’yrenip shig’iw.

**Jumistin` waziypalari:**

Qoyilg`an maqsetke erisiw ushin to`mendegi waziypalar berilgen:

- Frantsiyadag’i filosofiyaliq ta`liymattin’ tiykari bolg`an materialistlik ko`z-qarasti analizlew.
- Frantsuz filosoflarinin’ ta`liymatinda biliw teoriyasin u`yreniw.
- Gelvetsiydin’ filosofiyaliq ko’z qarasin u’yreniw.
- Golbaxtin’ materialistlik pikirlerin analiz etiw.
- Frantsiyada ag’artiwshiliq da’wiri filosofiyasin u’yreniw
- Ag’artiwshiliq da’wirinin’ tiykarg’i o’zgeshelikleri
- Frantsuz ag’artiwshiliq da’wirinin’ a’hmiyetin u’yreniw
- Frantsiyadag’i ag’artiwshiliqtin’ ja’miyetlik turmisqa ta’sirin ko’rip shig’iw.
- Frantsuz oyshillarinin’ ag’artiwshiliq ko’z qaraslarin u’yreniw.
- Sharl de Monteskie ja’miyetlik ko’z qaraslarin u’yreniw

- Frantsuz ag'artiwshisi Volterdin' ja'miyetlik pikirlerin bayan etiw.

**Izertlew da'rejesi:**

XVIII a'sir ortalarinda Frantsiyaburjuaziyaliq revolyutsiyalar jag'dayi aldinda turg'an edi ha'mol Frantsiyanin' ayrim ha'reketlerin belgilep beredi. XVIII a'sir frantsuz ma'deniyati tariyxinda "Filosofiya a'siri" degen baha beriledi. Bunin' rawajlaniwi eki a'hmiyetli waqiya menen baylanistiriladi. Birinshi waqiya 1715-jili Lyudovik XIV qaytis boliwi menen absolyutlik monarxiyanin' tamamlaniwi ha'm ekinshi waqiya 1789-jili Batsilliyanin' basip aliniwi – bular frantsuz filosofiyasinin' aldina jan'a talaplardi qoyadi.

1757-jil Frantsuz ag'artiwshiliq filosofiyasinin' kulminatsiyasi bolip, sebei usi jili birinshi entsiklopediya baspadan shig'adi.

Solay etip ag'artiwshiliq Batis Evropada , Frantsiyada qa'liplesken ja'miyetlik-siyasiy ha'reket bolip, onin' maqseti ja'miyette hu'kim su'rip turg'an kemshiliklerdi saplastiriw bolip, onin' birden bir joli ilimiy bilimlendiriw ha'm erkin oylawshiliq ideyalari arqali joq etiw dep esaplaydi.

XVIII a'sirdegi Frantsiyadag'i filosofiyaliq oy pikirler , ja'miyetlik ko'z qaraslar , ag'artiwshiliq oylari , mterialistlik ta'liymatlar ko'plegen ilimpazlar ta'repinen izertlenip u'yrenilgen. Frantsuz materialistlik ko'z qaraslarinin' rawajlaniwina belgili da'rejede u'les qosqan Golbax ha'm Gelvetsiyler I.Voronitsin[2], G.Momdjyan[3], V.Dlugash[4] ta'repinen izertlenilgen. G.Voronitsin "Gelvetsiydin' insaniyattin' da'slepki da'wirlerinen ha'zirge shekem jetip kelgen ta'liymatlarinan biri sipatinda jaqsi sharayatlarda jasaw, o'mirden la'zzetleniwge umitiliwin aytip o'tedi. Insan ta'biyatan ra'ha'tleniwge umitilip jasaydi. Biraq ha'r bir na'rsede o'lshem bolg'ani siyaqli ra'ha'tleniwde de o'lshemge a'mel etiwi

[2]I.Voronitsin "Klod Adrian Gelvetsiy" M.1926

[3]G.Momdjyan "Filosofiya Gelvetsiya" M.1955

[4] V.Dlugash "Podvig zdorovogo smisla" M.1995

za'ru'r dep ko'rsetedi. Yag'iniy insan o'z o'mirinde o'lshemge tiykarlanip jasawi menen o'zligin jog'altpaydi," - deydi. Bul haqqinda jerlesimiz Beruniyda "Insan o'mirinde la'zzetleniw o'lsheminin' buziliwi oni halokatqa jetekleydi", dep aytip o'tken edi. Frantsuz ag'artiwshiliq filosofiysinin' ko'rnekli wa'killeri Volter ha'm Monteskieni N.Dmitrieva[5], E.Levitsko[6], A.Gunsta[7], A.Shaxov[8] ta'repinen izertlenilgen. A.Gunsta Monteskienin' "Parsi xatlari" shig'armasi haqqinda aytip o'tedi ha'm ol Monteskienin' diniy ken'peyillik ha'm hu'jdan erkinligi haqqindag'i ko'z qarasin maqullaydi. Sonday-aq o'tmishti bilmey turip ha'zirgi zamandi biliw, keleshek haqqinda juwmaq shig'ariw mu'mkin emesligi haqqindag'i pikirin ayriqsha atap ko'rsetedi.

Ag'artiwshiliq ideyalari burjuaziyanin' ma'pin jaqlap, o'mirin tawisqan feodalliq-krepostnoyliq du'zimdi ayawsiz tu'rde a'shkaralaydi. Kritikanin' tiykarg'i bag'darin xaliq massasinin' sawatsizlig'inan paydalanip krepostnoyliqtin' tsivilizatsiyaliq emes ta'replerine tiykarlanip rawajlaniw beredi.

Ag'artiwshiliqtin' tiykarg'i o'zgeshelikleri:

- Ratsionalizm aqilg'a uliwma isenim sipatinda;
- Antiobskurantizm (latinsha-qaran'g'ilaytug'in)- ilimge ha'm ta'limge qarsi ku'shler menen, qaran'g'iliq penen gu'resiw;
- Antiklerikalizm (grekshe-qarsi ha'm latinsha-shirkewlik)- ja'miyettin' ruwxiy turmisinda shirkewdin' qisimina qarsi bag'darlaniw.

Ag'artiwshiliq filosofiyasi o'zinin' sotsialliq-siyasiy bo'limi menen belgili. Onda feodalliq printsiplerdin' ornina kelgen burjuaziyaliq ja'miyettin' printsipleri ha'r ta'repleme tastiyiqlanadi. Ag'artiwshiliq filosofiyasi sotsialliq qubilislardi ta'biyat

[5]N.Dmitrieva "Volter romani i povesti" M.1870

[6]E.Levitsko "Vsyashina iz soshinenie Voltera" M.1789

[7] A.Gunsta "Monteskie Persidskie pismo" M.1956

[8]A.Shaxov "Volter i ego vremya" M.1912

nizamlari arqali tu’sindiredi: ja’miyettin’ ha’m ta’biyattin’ rawajlaniw nizamlari barabar alip qaraladi.

Ag’artiwshiliqda’wirifilosofiyaliqha’mja’miyetlikoyha’mma’deniyattariyxindau’lkenha’ma’hmiyetlibasqishbolip, onin’ tiykarg’iteoriyalari – ta’biyiyhuqiqha’mja’miyetliksha’rtnamateoriyalari – keleshektegisotsialliqsiyasiyqaytaquriwlarditayarladi. Bul teoriyag’a muwapiq ja’miyettin’ ha’r bir ag’zasi o’zinin’ jeke ma’plerin o’zinin’ puqaraliq huqiqlarin ma’mleketke o’tkeriw arqali ja’miyetlikke boysindiriwi tiyis, biraq ma’mleket tinishliq h’am kelisimdi ta’miyinlep, adamdi qorg’awdi o’z moynina aliw kerek. Egerde ha’kimiyat xaliq aldindag’i o’z minnetlerin moyinlay almasa, onda xaliq bul ha’kimiyatti qulatiw huqiqina iye. Bunday revolyutsiyashil teoriyani Russo, Didro, Gelvetsiy ha’m Golbax siyaqli ag’artiwshiliq da’wirinin’ oyshillari alg’a su’rdi.

## I bap Frantsuz ag'artiwshiliq filosofiyasi

### §.1.1.Sharl de Monteskie ja'miyetlik ag'artiwshiliq ko'z qaraslari

XVIII a'sirdegi Evropa ellerindegi ideyaliq ha'reket ag'artiwshiliq dep atalip, onin' wa'killeri ja'miyet du'zilisinin' kemshiliklerin adamlardin' sawatsizlig'i menen baylanistiradi ha'm ag'artiwshiliq joli menen ja'miyetlik ta'rtipti aqilg'a say qayta quriwg'a bolatug'inlig'in aytadi.

" Ag'artiwshiliqtin' " ma'nisi onin' adamnin' o'mirin tu'pten jaqsi ta'repke o'zgertetug'in ja'miyetlik du'zimdi jaqinlatiwin an'latadi. Ag'atiwshiliq ma'deniy ha'm ruwxiy turmistag'i ag'im bolip, o'zinin' maqseti retinde diniy ya'ki siyasiy avtoritetke tiykarlanatug'in ko'z qaraslarin adamnin' aqil talaplarinan kelip shig'atug'in talaplar menen almastiriwdi an'latadi.[9] Bul da'wirdin' filosofiyasi bir tekli bolmag'an, onda ha'r qiyli du'nyag'a ko'z qarasli orientatsiyalar birge o'mir su'rgen.

Sharl de Monteskie (1689-1775) "mantiya" dvoryanlig'i dep esaplaniwshi a'yyemgi gaskon qa'wimine tiyisli. Ol huqiq pa'nin u'yrenip Bordo qalasinda da'slep ma'slahatshi, son' parlament prezidentlerinen biri lawaziminda isleydi. Tez arada ol ha'kimlerdin'patsha ma'mleketi zorawanlig'ina qarsiliq ko'rsete almawin tu'sinip, lawaziminan shetlesedi. Usidan keyin Monteskie fizikaliq ta'jiriybeler menen shug'illanadi. Ol sonday-aq sotsialliq filosofiya ma'seleleri analizi menen shug'illana baslaydi ha'm o'z ideyalarin "Parsi xatlari" romaninda bayan etedi. Bul

[9] A.K berdimuratova "Filosofiya" No'kis 2010 63-bet

roman Gollandiyada anonim (avtor atisiz) basilip shig'adi. Biraq romannin' avtori Monteske ekenligi ma'lim boladi. 1728-jili ol Frantsiya akademiyasina saylanadi. Ol ma'mleketler u'rp a'detleri, a'dep ikramlilig'i , nizamshilig'i ha'm siyasiy organlardi u'yreniw maqsetinde Germaniya, Avstriya, Italiya, Shvetsariyag'a sayaxat etedi, eki jil Angliyada jasaydi. 1731-jili Monteske watanina qaytip kelip, Bordo qalasi janindag'i o'z jerinde ko'p waqtin o'zinin' sotsialliq filosofiyasina bag'ishlaydi. Onin' "Nizamlar ruwxi" shig'armasi 1748-jili baspadan shig'adi. Bir neshe keyingi shig'armalari o'liminen keyin baspadan shig'adi. Onin' estetikaliq "Talg'am haqqinda ta'jiriybe" shig'armasi 1757-jilidin' o'zinde taniqli bolip, "Entsiklopediya"g'a kirgizilgen.

30-jillarg'a kelip Monteskie Frantsiya absolyut du'zimin kritikalaydi ha'm og'an qarama-qarsi ag'artiwshiliq ideyalarin qoyiwdan Rim imperiyasi ju'zege kelgennen keyingi eki yarim min' jil dawaminda Evropanin' ekonomikaliq-siyasiy rawajlaniwi haqqinda temag'a o'tti. Ol o'tmishti bilmey turip ha'ziirgi zamandi biliw , xaliqlardin' keleshegi haqqinda juwmaq shig'ariw mu'mkin emes. Solay eetip Monteskie sotsialliq mashqalalardi analiz etiwde tariyxiy jantasiwg'a urinadi.

"Parsi xatlari" shig'armasinda Frantsiyadag'i absolyut feodal du'zimnin' illetleri sonday-aq patsha sarayinin' bayliqqa ashko'zligi , a'meldarlar ta'repinen patshanin' sawg'ag'a ko'milip taslaniwi , xaliqtin' a'dalatsiz saliq jiynawshilar ta'repinen eziliwi sing'a alinadi. Bunday basqariw usilinin' o'z puqaralarin jarli ha'm huqiqsiz qullarg'a aylantiriwshi aziyaliq zorawanliq basqariw usili yag'iniy despotism menen uqsaslig'in ko'retip o'tedi. Romanda zorawanliq ha'kimiyatqa qarama-qarsi etip armanindag'i ja'miyet qoyiladi, onda barliq puqaralar ja'miyetti basqariwda aktiv qatnasadi. Bunnan tisqari roman o'zinin' antiklerikal ideyalari menen diqqatqa ilayiq. Onda Frantsiyada ha'm , rim-katolik shirkewi hu'kimranlig'indag'i basqa ma'mleketlerde ha'm ruwxaniylerdin' buziqlig'i , paraxorlig'i , basqa isenimdegilerdi jag'ip jiberiwge bolg'an zalimlig'i ashkara etiledi. Sonday-aq Monteskie diniy bawirken'lik ha'm hu'jdan erkinligin ornatiw haqqinda aytadi. Agnostitsizmge qarsi qaratilg'an g'ayriilaxiyatshiliq ruwxindag'i obektiv sebep ha'm nizamlardi bilip aliw mu'mkinligi haqqinda ko'z qaraslar o'z

sa'wleleniwin tapqan. Diniy du'nya qarastin' ma'lim tu'rin kritikalag'ani menen Monteskie ateizm ko'z qarasina o'tpegen. Ol tek g'ana deizm ko'z qarasinda qalg'an. Ol qudaydin' bar ekenligin ta'n aladi, biraq quday keyin ala jerde ju'z berip atirg'an birde bir ha'diysege aralaspaydi dep esaplaydi. Eger quday bar bolmag'an da edi , biz ha'mmemiz a'dalatti su'yiwimiz za'ru'r bolar edi. "Biz din din zuliminan qa'nshelik azat bolmayiq. biz a'dalat zuliminan hesh qashan azat bolmaslig'imiz za'ru'r."[10]Monteskie adamlar o'mirin jaqsilawdin' en' tiykarg'i sha'rti dep, diyqanshiliq ha'm o'nermentshilik tiykarinda o'nim islep shig'ariwdi rawajlandiriw dep esaplaydi. Bul Frantsiya ekonomikasinin' o'mirlik talaplarinan kelip shiqqan edi. "Parsi xatlari" frantsuz ag'artiwshilig'i ideyalarinin' uliwmalastirilg'an haldag'i birinshi ko'rinisi edi. Usidan keyin ko'p ta'repten Monteskienin' talantli do'retiwshiligi sebepli olar ja'miyetlik sanag'a jen'isli ta'rizde kirip bara basladilar. Tariyx filosofiyasi 30-jillarg'a kelip Monteskie Frantsiya feodal-absolyut du'zimi kritikasi ha'm og'an qarama qarsi qilip ag'artiwshiliq ideyalarin qoyiwdan Rimimperiyasi ju'zege kelgennen keyingi eki yarim min' jilliq dawaminda Evropanin' ja'miyetlik-siyasiy rawajlaniwi haqqinda pikirlesiwlerge o'tedi. Monteskie sog'an isenim payda etedi, o'tmishti bilmey turip , ha'zirgi zamandi biliw, xaliqlardin' keleshegi haqqinda tiykarli juwmaq shig'ariw mu'mkin emes. Solay etip Monteskie ja'miyetlik mashqalalardi analiz etiwde tariyxiy jantasiwg'a ha'reket etedi. Tariyxti jaritiwda Monteskie bir ta'repten xristian basharatshilig'in biykarlasa, ekinshi ta'repten , tariyxqa adamlardin' qirsiq qa'lewleri sebepli ju'z beretug'in tosinnanliq ha'diyselerdin' birlesigi dep qarawshi pikirlerdi biykar etedi. Ol xaliqlar o'mirin tu'pten o'zgertip jiberetug'in waqiyalardag'i qa'lbeki g'ayrita'biyiy za'ru'rlikler sebepli emes , ba'lki tariyxti haqiyqiy ta'biyiy-sebeplik tu'siniw haqqindag'i ta'liymatti islep shig'iwg'a ha'reket qildi. Onin' pikirinshe "ha'mme tosinnanliqlar bul sebeplerge boysinadi."[11]

---

10 Monteskie. Persidskie pismo. M 1956. 88-bet

11 Monteskie. Izbr. Proiz. M.1995 128-bet

Monteskienin’ pikirinshe a’yyemgi rimlikler qu’diretinin’ deregi olarg’a say bolg’an watan ma’pin ha’mme na’rseden joqari qoyiwi , oni qorg’aw ushin o’-o’zin qurban qiliwg’a qa’dir bolg’anlig’i dep ko’rsetedi. A’yyemgi Rimliklerdin’ bul sotsialliq-psixologik belgisin Monteskie olardag’I siyasiy erkinliktin’ barlig’i menen, ja’miyet basqariwinin’ respublika formasi menen u’zliksiz baylanisli dep bildi.

Monteskienin’ pikirinshe, respublikanin’ qulawi , imperator zorawanliq ha’kimiyatinin’ ornatiliwi za’ru’riy ra’wishte puqaraliq qaharmanliqtin’ so’niwine alip keldi. Na’tiyjede bir neshe a’sirden keyin aldin o’zleri u’stilerinen jen’iske erisip kelgen varvarlarg’a qarsiliq ko’rsetiwge qa’dir bolmadi. Tariyxti belgilewshi ilahiy basharat siyaqli ideyalar ornina real sebep-aqibet baylanislari qoyilg’an.

Sotsialliq filosofiya Monteskie o’zinin’ juwmaqlawshi shig’armasinda ilhiyatshiliqqa mu’ra’jat qilmastan , ja’miyettin’ tu’rli formalaronin’ ju’zege keliw sebeplerin an’law , sonin’ menen birge olardin’ ma’lim za’ru’riy ta’biyiy xarakterin aniqlaw waziypasin qoyadi.

Onin’ bul shig’armasi ag’artiwshilar ta’repinen da’slepki jillarda ortag’a taslang’an ideyalardin’ na’tiyje berip atirg’an jillarda o’z juwmag’in tapti. Monteskienin’ tastiyiqlawinsha , “ag’artiwshiliq nuri misli ko’rilmegen ku’shke eristi” ha’m “filosofiya aqillardi nurlantirdi”. [12]

Monteskiema’mleketsotsialliqdu’ziminin’ ju’da’ tezha’mkerisinsheo’zgeriwinenqorqadi. Ol o’zin ashiqtan-ashiq sonday filosoflar qatarina kirgizedi, olar “eski jawizliqti sezedi, oni du’zetiw qurallarin ko’redi, biraq sonin’ menen birge bul du’zetiwden kelip shig’atug’in jan’a jawizliqti ha’m ko’redi. Olar ja’ne ha’m jamanraq na’rseden qorqip , bar jamanliqti saqlaydi ha’m bunnan da jaqsiraq jemis imkaniyatina gu’manlansada , bar bolg’an jemisler menen qanaatlanadi.”

Monteskie tastiyiqlawinsha “nizamshiliq” ja’miyet o’mirde ma’lim a’hmiyetke iye. Onin’ ol ya’ki bul formasin an’law ushin da’slep og’an mas bolg’an belgilerdi

[12] Monteskie. Izbr. Proiz. M.1995 151-bet

aniqlaw kerek. Ol “ha’mme barliq o’z nizamlarina iye. Olar na’rseler ta’biyatinan kelip shig’iwshi za’ru’riy qatnasiqlardir” [13] , - dep jazadi.

Sonida ko’rsetiw kerek, Monteskie adamlar ortasindag’i qatnasiqlardi basqarip turiwda za’ru’r bolg’an nizamlardin’ bir – birinen pariq qiliwshi eki tu’rin ko’rsetedi. Birinshisi admnin’ biologiyaliq jag’dayinan kelip shig’iwshi ha’m onin’ ja’miyetke shekem bolg’an ha’reketlerin belgilewshi “ta’biyiy” aniqrag’i, sotsialliq zamlar. Birinshi na’wbette “o’zine jemis tabiw” za’ru’r bolg’an bul jag’daydi Monteskie Gobbstan pu’tkilley basqasha bayan etedi. Onin’ pikirinshe , bul jag’day “ha’mmenin’ ha’mmege qarsi uris” jag’dayi emes, ba’lki onda “ta’biyiy nizamlar” adamlardin’ o’zine uqsag’anlar menen tinishliqta jasaw jag’dayidir. Usi sebepli de “ta’biyiy jag’day” o’z-o’zinen “sotsialliq jag’dayg’a” aylanadi.

Montsekie adamlar ortasindag’i ayawsiz gu’resti Gobbsqa qarag’anda anig’raq tu’singen. Onin’ pikirinshe adamlar ja’miyetke birleskennen keyin basqalar esabina o’z ma’pleri ushin ja’ma’a’tler ortasinda, ha’m ja’ma’a’tlerdin’ ishinde ayawsiz gu’res kelip shig’adi. Usilay etip ha’m o’z xarakteri ta’repinen , ha’m sebepleri ta’repinen bul gu’res sotsialliqtir. Monteskienin’ “bul eki tu’rli uristin’ ju’zege keliwi adamlar ortasinda nizamlar ornatiwdi keltirip shig’ardi”, degen juwmag’i teren’ mazmung’a iye. Demek huqiqtin’ ju’zege keliwi sotsialliq qarama-qarsiliqlar menen baylanisli. Monteskie u’sh tu’rli huqiqti ko’rsetedi:

xaliqaraliq huqiq, ha’kim ha’m puqaralar ortasindag’i qatnasiqlardi basqarip turiwshi siyasiy huqiq, puqaralar ortasindag’i qatnasiqlardi basqarip turiwshi puqaraliq huqiqi. Frantsuz ag’artiwshilari arasinda tek g’ana Monteskie ma’mleket ha’m huqiqtin’ sha’rtnama tiykarinda kelip shiqqanlig’i haqqindag’i ta’liymatqa qarsi shig’adi. Onin’ pikirinshe bunin’ pu’tkilley basqa sebepleri bar. Onin’ sotsialliq filosofiyasinda bul ma’selelerge bir tu’rde jantasilmag’an.

Monteskienin’ sotsialliq filosofiyasi da’slep Rim saltanati qulag’annan keyin Evropada feodal qatnasiqlardin’ ju’zege keliw ma’selesin jaritiwdan baslanadi. Bul protsses Monteskie “Monarxiyani ornatiw qatnasiqlarinda evropalilardin’

[13] Monteskie. Izbr. Proiz. M.1995 163-bet

nizamlarinin’ teoriyasi” shig’armasinda bayan etken. Bul shig’arma “Nizamlar ruwxi haqqinda” kitabina kirisiw sipatinda jazilg’an. Monteskie izshil tariyxiy izertlewler o’tkizip , juwmaq shig’aradi, a’yyemgi Galliya dep atalg’an ma’mlekette onin’ german qa’wimi franklar ta’repinen basip aling’annan keyin feodal qatnasiqlar ornatilg’an. Bul qa’wim basliqlari bir neshe qararlar menen jergilikli xaliqti bag’indirg’an. O’zlerinin’ ta’repdarlarina jer mu’lkleri inam etken. Keyinshelik bul jerler olarg’a miyras bolip qalg’an. Bulardin’ barlig’i , Monteskienin’ pikirinshe, sol da’wirdegi “xaliqaraliq huqiqqa” tiykarlanip a’melge asirilg’an. “Xaliqaraliq huqiq” degende Monteskie varvarlardin’ basip aling’an saltanat xaliqlari menen uliwmaliq qabil etilgen qatnasiqlarin na’zerde tutadi.

Monteskienin’ “Nizamlar ruwxi” haqqindag’i ta’liymatinda ma’mleket-huqiq qatnasiqlarinin’ ornatiliwi haqqinda teren’ pikirler bayan etilgen. Onda tu’rli da’wirlerde bar bolg’an “basqariw usillari” , yag’iniy respublikaliq, monarxiyaliq, zorawanliq (despotism) analiz etiledi. Ma’mleketshiliktin’ bul u’sh tu’rge bo’liniwi tiykarina Monteskie joqari ha’kimiyattin’ siyasiy nizamlarg’a bolg’an qatnasig’in qoyadi. Ol erkinlik ushin en’ tiykarg’i qa’wip dep joqari ha’kimiyattin’ xaliqi o’zine boysindiriwg’a umitiliwi dep biledi. Bul bir admnin’ zorawanliqqa tiykarlang’an despotliq basqariw usilinda a’melge asiriladi. Bunin’ na’tiyjesinde puqaralar san-sanaqsiz apatlarg’a ushiraydi. Respublikaliq basqariw usili zorawanliq basqariw usilina tikkeley qarama-qarsi. Monteskienin’ pikirinshe bunday basqariw usilinda joqari ha’kimiyat pu’tkil xaliq yamasa onin’ bir bo’legi qolinda boladi. Sonin’ menen birge hu’kimraliq siyasiy nizamlarg’a toliq mas kelgen halda a’melge asiriladi. Monarxiya basqariw usili , Monteskienin’ pikirinshe respublikaliq ha’m zorawanliq basqariw usillarinin’ ortasinda. Onda “bir adam ornatig’an o’zgermes nizamlar tiykarinda” basqaradi. Natiyjede monarxiya basqariw usilinda ha’m respublika basqariw usillarindag’i siyaqli siyasiy erkinlik hu’kim su’redi. Monteskienin’ pikirinshe Angliya konstitutsiyaliq monarxiyasi korolinin’ ha’kimiyati sonshelli sheklengen, ol basqarmaydi, tek patshaliq qiladi. Onin’ haqiyqiy monarxiya basqariw usili buzilg’an nizamlarg’a say ra’wishte

a'melge asadi ha'm bul menen o'z puqaralarinin' siyasiy erkinligin ta'miyinleydi dep tastiyiqlawinan o'zinmonarxiya du'zimi dep esaplawshi barliq ma'mleketlerde h'am sonday boladi, degen juwmaq  kelip shiqpaydi. Bul ideyanin' a'hmiyeti sonda, Frantsiya ha'm og'an uqsas ha'kimiyat quramina iye bolg'an ma'mleketler ushin ma'lim siyasiy idealdi sizip beredi.

Bul ideal uliwmaliq belgileri ha'mme ag'artiwshilar ta'repinen qollap quwatlang'an. Olardin' pikirinshe , bul ideal despotizmnin' kritikasi menen birge Monteskie sotsialliq filosofiyasinin' en' u'lken jen'islerinen biri. Monteskie revolyutsiyashil bolmasa ha'm, Frantsiyani konstitutsiyaliq monarxiya  tiykarinda qayta quriw haqqindag'i  ideyalari  o'mirde a'melge asiwi mu'mkin bolg'an. Burjua revolyutsiyasinin' jen'isi ma'lim da'rejede bunin' tariyxiy da'lili bolip xizmet qiliwi  mu'mkin. 1790-jil 14-iyulda ma'mleketti konstitutsiyaliq monarxiya dep ja'riyalaw menen tamamlang'an  Ulli Frantsuz revolyutsiyasinin' da'slepki basqishlarinda Monteskie  ideyalari revolyutsiyashilardin' siyasiy ortalig'inda jetekshi ro'l oynadi.  Monteskie siyasiy idealinin' a'hmiyetli ta'replerinen biri Lokk ta'repinen alg'a su'rilgen , ma'lim da'rejede Angliya ma'mleketshilik ta'jiriybesin sa'wlelendirgen "ha'kimiyattin' bo'liniwi" haqqindag'i pikiridir. Bul ta'liymatti islep shig'ar eken Monteskie tastiyiqlaydi, tek monarxiya basqariw usilinda g'ana emes , respublika basqariw usilinda ha'm nizam shig'ariwshi, atqariwshi ha'm sud ha'kimiyatina bo'liniwisiz siyasiy erkinliktin' boliwi mu'mkin emes. Olardin' ha'r biri o'z waziypalarin a'melge asiriwda bir-birinen g'a'rezsiz ha'm ma'lim sho'lkemler arqali a'melge asiradi. Monteskienin' pikirinshe , "nizamlar jaratiwshi ha'kimiyat, umumma'mleket xarakterindegi qararlardi a'melge asiriwshi ha'kimiyat ha'm jeke shaxslardin'  jinayatlarina hu'kim shig'ariwshi ha'kimiyatlarg'a" ajiraliwi za'ru'r. Tek usi sha'rtlerge a'mel qilg'anda g'ana "hesh kimdi nizam ta'repinen ko'zde tutilmag'an , nizam ta'repinen buyirilmag'an islerdi islewge ma'jbu'r qilmaytug'in ma'mleket du'zimi ornatiliwi mu'mkin". Bul ideyalar Monteskienin' o'zi tiykar salg'an burjua liberalizmi ideyalarina  sa'ykes keledi. Biraq sonin' menen birge onin' ideyalari bul menen shegaralanip qalmastan , u'lken umumdemokratik mazmung'a iye.

Montsekie sotsialliq filosofiysinin’ tiykarg’i mashqalasi - respublika, monarxiya, zorawanliq basqariw usillarina say bolg’an “nizamshiliqtin’” obiektiv sebepliligidir. Ol bul sebeplik baylanisti “nizamlar ruwxi” dep ataydi ha’m oni qatnasiqlar birlesigi dep esaplaydi. Bul qatnasiqlarg’a ma’lim ma’mlekettin’ klimati, topirag’i, a’dep ikramliliq tiykarlari, adamlari , diniy isenimleri menen belgilengen nizamlari kiredi. Sonday-aq olarda xaliqtin’ materialliq ta’miyinlengenlik jag’dayi ha’m ekonomikaliq iskerligi , nizam shig’ariwdin’ maqsetleri , bar bolg’an siyasiy ha’kimiyattin’ xarakteri sa’wlelenedi. Onin’ pikirinshe bul qatnasiqlar ma’mlekette ornatilg’an nizamlardi belgileydi. Xaliqlardin’ huqiqiy-siyasiy nizamlarin belgilewshi negizler qatarina ekonomikaliq negizdi ha’m kiritiw Monteskienin’ u’lken jen’isi edi.

Monteskienin’ pikirinshe, u’lkenha’mortashaaymaqqaiyebolg’anma’mleketlerdeshetjerdegiu’lkelerdegiayirmashilig’iushingeografiyaliqsharayatlarbaremes. Sonin’ ushin hu’kimet bul ma’mleketlerde o’z iskerligin jumsaq usillar menen a’melge asiriwi kerek. Puqaralardi erkinlikten ayirmawi, kerisinshe ma’mlekettin’ gu’llep jasnawi ushin erkinlikti ta’miyinlewi kerek, yag’iniy ma’mleketti nizamlar menen basqariwi sha’rt. “Nizamlarg’a tiykarlang’an” bul basqariw kishi ma’mleketlerde respublikaliq formani aladi. Ha’mme puqaralar sotsialliq ma’selelerdi birgelikte sheshiw imkaniyati bolmag’an ortasha aymaqli ma’mleketlerde monarxiya formani aladi. Ju’da’ u’lken ma’mleketlerde bolsa , Monteskie pikirinshe oni zorawanliq basqariw usilisiz a’melge asiriw mu’mkin emes. Bunday ma’mlekette uzaq shettegi u’lkeler qatti jazalaw, qorqitw joli menen basqariladi ha’m orayliq ha’kimiyatqa boysindiriladi.

Monteskienin’ geografik ortaliq haqqindag’i ta’liymati XVIII a’sir sha’rayatinda sotsialliq-filosofiyaliq oylawdin’ u’lken jen’isi edi. Ol ja’miyet haqqindag’i ilahiyatshiliq ruwxindag’i ta’liymatlarg’a qarsi qaratilg’an edi. Insane ta’biyatinin’ psixologiyaliq belgilengenligi Monteskie adamlar o’mirinin’ ma’lim ta’biyiy ortaliqta rawajlaniwi menen tastiyiqlaydi. Sonin’ menen birge ko’p ta’repten

o’zlerin jemis penen ta’miyinlew ushin miynet ha’m basqa iskerlikler menen baylanistiradi.

Monteskie ta’repinen geografiyaliq ortaliqti sotsialliq turaqlastiriw ko’pshilik ag’artiwshilar ta’repinen qabil etilmedi. Olar bul ta’liymattin’a’zzi ta’replerin kritikalap , Qatar ma’mleketlerde tiykarinan , Italiyada bir “basqariw usili” menen almasqan , bul da’wirde bolsa klimatta hesh qanday tu’pkilikli o’zgeris bolmag’an dep tastiyiqlaydi. Sonday-aq ag’artiwshilar onin’ geografik ortaliq sha’rayatinda zorawanliq “basqariw usili” ta’biyiy ha’m za’ru’riydir degen pikirlerin da kritikalaydi. Ma’selen, Gelvetsiy Monteskie “tek aristokratlar menen emes, zorawanlar menen ha’m kelisimge keledi”,- deydi. XIX a’sirde Monteskienin’ bul ta’liymati Batis Evropa sotsiologiyasinda geografik ortaliq ag’iminin’ ideyaliq deregine aylanadi.

## §.1.2. Volterdin’ ja”miyetlik-siyasiy ko’z qaraslari

Volter (1694-17) negizgi ati Arua Fransua Meri 1694-jili 21-noyabrde Parijde notarius shan’arag’inda du’nyag’a kelgen. Ol taniqli filosof , publitsist, ag’artiwshi. Volter Frantsuz ag’artiwshilig’inin’ tiykarshilarinan biri. Onin’ filosofiyaliq qaraslarinin’ rawajlaniwinda Angliyanin’ xizmeti u’lken. Ol Angliyada 1726-1729-jillari sayaxatta boldi. 1734-1749-jillarda Lotaringiyag’a shegaralas jerde jaylasqan Siredag’i qalada jasaydi. 1750-1753-jillar dawaminda ol Prussiyada korol Fridrix II sarayinda, 1758-jili Frantsiya ha’m Shvetsariyada jasadi. O’liminen bir neshe ay aldin Parilge keledi ha’m sol jerde du’nyadan o’tedi. Volter Didro tiykar salg’an ha’m basqarg’an entsiklopediyada aktiv qatnasqan. Bir neshe jas ag’artiwshilar menen qatnasiqta bolg’an. Volterdin’ sotsialliq-siyasiy ideyalari feodal krepostnoy du’zimine qarsi qaratilg’an. Ol frantuz burjua demokratik ideyalari ta’repdari edi. Onin’ sotsialliq-siyasiy qaraslari , bir ta’repten xaliq ideyasin jayiwg’a , zalimlarg’a qarsi gu’reske qaratilg’an bolip, ag’artiwshiliq absolyutizmge u’mit baylag’an edi. Sebebi ag’artiwshiliq absolyutizm XVIII a’sirdin’ birinshi yariminda Frantsiyada jetekshi ku’sh esaplang’an. Volter Sireda jasag’an waqtinda umumfilosofiyaliq ko’z qaraslarin

rawajlandirg’an bolip, onin’ negizinde optimism ta’liymati turdi. Volter ja’miyettin’ parawanlig’in ag’artiwshi ha’m saqiy monarx iskerliginde ha’m de burjua liberal reformalarinda ko’redi. Ol Jan Jak Russonin’ ideal komunizm pikirlerine qarsi shig’ip, oni kritikalaydi.

Dinge qarsi gu’res onin’ aldinda turg’an u’lken maqseti edi. Volter insan oylawinda quday degen ideya, din ha’m diniy tu’sinikler qalay payda bolg’anlig’in da’lililewge urindi. Bunday pikirge keliwde og’an anglishan deistic filosoflarinin’ a’sirese , Lokktin’ ta’siri u’lken bolg’an. Lokk siyaqli Volter da insanda quday haqqinda tuwma ideya joqlig’in aytadi. Insan ta’biyatta ju’z berip atirg’an ha’r qanday ha’diyse ha’m waqiyalardi ko’redi. Mol o’nim aliw, qurg’aqshiliq, quyashli ku’nler, dawillar, parawanliq ha’m joqshiliq ha’m basqalar usilar qatarina kiredi. Bulardin’ sebeplerin izlew za’ru’r. biraq bul sebepler ko’p jag’daylarda bizge ma’lim emes. Olardin’ qayerde jaylasqanlig’i ya’ki barliq jerde barlig’i haqqinda bizde aniq tu’sinik joq, biraq bir na’rse aniq : ol bar, og’an boysiniwimiz, itaat etiwimiz lazim ha’m a’dil boliwimiz kerek deydi Volter.

Hesh qanday ja’miyet a’dalatsiz jasawi mu’mkin emes. Qudaydi a’dalat dep ja’riyalayiq. Eger ma’mleket nizami jinayatti qatti jazalar eken, qudaydi ullilar ekenbiz, ol sirli jinayatlardi da jazalaydi.

“Siz bilmeysiz quday degen ne? Ol qanday jazalaydi ha’m qanday etip siyliqlaydi? Biraq siz bilesiz: a’dil ma’mleket ha’m haqiyqiy hu’kimet boliwinin’ o’zi jeterli.” [14]– dep tastiyiqlaydi.

Volter o’zin deistler qatarina qosqan. Onin’ pikirinshe quday baslang’ish tu’rtki berip , keyin ala dunya ha’m insanlar isine aralaspaydi. Volter determenizm ta’repdari bolg’an. Barliq na’rse o’zgermes za’ru’rlik nizamliqlari sebepli a’melge asadi deydi.

Deizmnin’ bul formasi ilahiyattin’ ha’r qanday sirtqi ko’rinisin biykar etedi. Sonday-aq ol insaniyatti quday aldindag’i ha’r qanday juwapkershilikten azat

---

[14] Volter. “Quday ha’m adamlar” II tom M.1961 549-bet

etedi. Qudaydin' waziypasi ta'biyat nizamlig'ina tosqinliq qilmaw. Ta'biyat nizamlarinan tisqarida qudaydin' hesh qanday ro'li joq.

Volter Platonnin' jan haqqinda ta'liymatin ma'nissiz dep esaplaydi. Volter sonday-aq diniy erkinlikti ullilaydi. Xristian dininde insan bir birine dos boliwi kerek.

Volter ko'z qaraslarinda barliq insanlar bir biri menen ag'a-ini boliwi kerek. Onda tu'rk pa, qitayliq pa, yahudiy ma – barlig'i menin' biradarlarim , degen ma'nis jatadi.

Onin' qudayg'a, dinge bolg'an ko'z qaraslari izshil bolmag'an. Ateizmge bolg'an qatnasi da izshil bolmag'an. Solay etip , Volter siyasiy , diniy zulimliqqa qarsi shig'adi. Bir ta'repten xaliq sanasin o'siwge, revolyutsiyag'a baslasa, ekinshi ta'repten bolsa, ateizmge qarsi shig'ip, qudaydin' barlig'in saqlap qaliwg'a shaqiradi. Ol jazalawshi ha'm kewilshen' qudaydin' ta'repdari edi. Onin' filosofiyaliq ko'z qaraslari "Filosofiyaliq xatlari" (1733), "Metafizika haqqinda traktat" (1734), "Nyuton filosofiyasinin' tiykarlari" shig'armalarinda o'z sa'wleleniwin tapqan.

Volter Leybnitstin' pikirine qosilip, du'nyada negizin alg'anda, zulimliq joq, biraq barliq azap-aqibetler, apatlar pu'tkil du'nya garmoniyasina aralasip ketedi. Biraq bizdi qorshap turg'an bolmisqa sin qaraw sebepli Volter Leybnitstin' garmoniyasina, teoriyasina qarsi shiqqan. Insan deydi , Volter, ja'miyet o'mirine aktiv aralasiwi ha'm eski ta'rtiplerge shek qoyiwi kerek.

Usi waqitqa shekem jaratilg'an barliq insanlar qumirisqalar, ha'rreler ha'm basqa haywan tu'rleri siyaqli ja'ma'a't bolip jasap kelgen. Birde bir ma'mlekette adamlardin' bo'lek-bo'lek jasag'anin ko'rmegenbiz. Ha'r bir maqluqtin' o'z instinkti – ta'biyiy meyli bar. Insannin' instinkti aqil menen bekkemlengen bolip, oni quday aziq-awqatqa tartqani siyaqli ja'miyetke tartadi.

Ja'miyet bolip jasawg'a bolg'an mu'ta'jlik insanlardi buzbaydi, ba'lki ja'miyetten ajiraliw insandi insaniyliqtan shig'arip qoyadi. Jeke jasag'an adam pikirlew qa'biliyetin ha'm umitqan boladi. Ol haywan da'rejesine shekem barip jetiwi mu'mkin. Erkin bolaman dep, o'zinin' qorqinishli qulliqqa tu'sip qalg'anin bilmey qaladi.

Biliw teoriyasinda Volter Dekarttin’ tuwma ideyalarina qarsi shiqqan. Ol Lokktin’ sensualizmin qabil etedi. Sonin’ menen birge ol seziwlik dereklerge baylanisli bolmag’an haqiyqatlardin’ barlig’in ta’n aladi. Onin’ pikirinshe biz tek ruwxiy ha’diyseler ha’m qa’biliyetke tayang’an bilimge iyemiz.

Volter determenizm pozitsiyasinda turip. Sanamiz seziw ag’zalarimizdin’ du’zilisine baylanislilig’in da’lillewge urindi. Oylawdi materiyanin’ atributi dep ta’n aldi.

Volter sananin’ en’ joqari ko’rinisi dep filosofiyani aytadi.

---

## II-Bap Frantsiyadagi filosofiyaliq oy pikirler

### 2.1 Frantsiyada materialistlik ko’z qarastin’ rawajlaniwi

XVIII a’sir filosofiya tariyxinda bilimlendiriw da’wiri dep ataldi. Bul da’wirde erkinlik tiklendi, ilim ha’m iskusstvo rawajlanadi, ilimnin’ praktika menen baylanisi ku’sheydi, metafizikani kritikalawg’a o’tti. Olardin’ bayrag’inda eki na’rse jazildi, bular ilim ha’m progress. XVIII a’sirde Frantsiyada filosofiyaliq oydin’ rawajlaniwi bilimlendiriwdin’ ken’ ma’deniy ideologiyaliq ha’rekettin’ tiykarinda a’melge asti. Bilimlendiriwdin’ tiykarg’i belgileri klassikaliq aniqliliq, izbe-izlik ha’m radikalliqta ko’rindi. Haqiyqatinda da do’retiwshilik penen oylaytug’in ha’mme Frantsuz oyshillari – filosoflar ha’m bilimlendiriwshiler boldi. Onin’ ko’rnekli wa’killeri Volter, Russo, Didro, Lametriy, Golbax ha’m Gelvetsiy. Al olardin’ ideyaliq qarsilaslari teologlar g’ana boldi. Onin’ u’stine filosofiyaliq diskussiyalar bilimlendiriwdin’ o’zinin’ wa’killeri arasinda boldi. Filosof – bilimlendiriwshiler o’zlerinin’ ko’z qaraslarinda materialistlik ko’z qarasti onin’ mexanikaliq formalarinda maqulladi. Olardin’ ta’liymatlarinin’ gey birewlerinde dialektikanin’da elementleri ushiraydi. Didronin’ ko’z qarasinan, ta’biyat ha’mme na’rsenin’ tiykari, o’zi menen o’zi o’mir suredi, ma’n’gi jasaydi, sebebi onin’ o’z sebebi o’zinde. Individke baylanisli materiya sezim organlarina anaw yamasa minaw jol menen ta’sir etkennin’ ba’ri. Materialliq deneler atomlardan turadi.

Birinshi gezektegi waziypalardin' biri sipatinda bilimlendiriwshiler ma'mleketlik vlasttin' sekulyarizatsiyasin- demek shirkewdin' ma'mleketten bo'liniwin atadi. Olar ma'mleket ta'repinen shirkewlerdin' ha'm sektorlardin' iskerligin qadag'alaytug'in qadag'alawlardin' boliwin maqulladi. Olardin' oyinsha, bul qadag'alaw puqaraliq nizamdi buljitpay orinlawi, diniy fanatizmdi ha'r tu'rli dinge iseniwshiler arasinda boldirmawi tiyis. Bilimlendiriwshiler adamdi qayta do'retiwdi, oni kemshiliklerdi qutqariwdi, olarda unamli ta'replerdi rawajlandiriw ha'm son'inda qorshag'an ja'miyetlik ortani rawajlandiriwdi a'rman etti.

A'sirese XVIII a'sirdegi frantsuz materialistleri sol waqittag'i progressivlik burjuaziyaliq toparlardin' ma'pin bildiredi, olar Frantsiyada burjuaziyaliq revolyutsiyani ideologiyaliq jaqtan tiykarlawda u'lken ro'l atqaradi. XVIII a'sirdin' Frantsuz materialistleri feodalizm ja'miyetinin' du'zilisine , onin' ra'smiy idealogiyasina, yag'iniy diniy sxolastikag'a ha'm idealizmge qarsi qatan' gu'res alip bardi. Onin' rawajlaniwina tosqinliq etetug'in ag'imlarg'a qarsi gu'resti, mexanistlik materializmdi en' joqari da'rejege ko'terdi ha'm rawajlandirdi. Olar mateialistlik filosofiyani barliq diniy qaldiqlardan ha'm sxolastikaliq terminologiyadan tazaladi ha'm mexanistlik materializmdi en' joqari da'rejege rawajlandirdi. Frantsuz materializiminin' ataqli wa'killeri sipatinda Julyen Ofre de Lametriy (1709-1751) , Adrian Gelvetsiy (1715-1771) , Deni Didro (1713-1784) , Pol Golbaxti (1723-1789) aytsaq boladi.

Frantsuz materializminde eki tiykarg'i ag'im belgili. Birinshisi – siyasiy-ja'miyetlik ma'selelerdi izertlegen, ekinshisi – gnoseologiyaliq ma'seleler menen shug'illang'an.

Filosofiyanin' tiykarg'i ma'selesin materialistlik ruwxta sheship , frantsuz materialistleri idealistlik pikirlerge qarsi shig'adi. Olar a'sirese Berklidin' ko'z qarasin keskin tu'rde kritikalaydi. Golbaxtin' so'zlerine qarag'anda idealistlik sistemalardin' arasinda en' ma'nissizi Berklidin' subiektivlik idealizmi misal boladi. Adamlardin' sezimleri , Berklidin' isendirgenindey, materiyag'a qarag'anda birinshi emes, al ekinshilikte, sebebi sezimler – ta'biyattin' belgili bir bo'leginin' qa'siyeti. Didronin' pikirinshe, Berklidin' subiektivlik idealistlik ko'z

qarasi tolig'i menen biyma'ni pikir , haqiyqatinda da du'nyanin' barliq qubilislarinin' tiykarinda materiya orin tutadi. Materiya – bul substantsiya , yag'iniy barliq na'rselerdin' aqirg'i sebepshisi. Materiya ma'ngi jasaydi ha'm o'zinin' jasawi ushin hesh qanday sebepshigeza'ru'r emes. Materialliq du'nyanin' bolmisin biykarlaytug'in Berklidin' ko'z qaraslari tek soqir adamlarda payda boliwi mu'mkin. Ha'reket – materiyanin' ajiralmaytug'in qa'siyeti. Materiya , - deydi Golbax, - o'z ku'shi arqali ha'reket etedi ha'm ha'reketke keliw ushin hesh qanday sirtqi ta'sirge mu'ta'j emes.[15]

Ta'biyatta tinishliq joq, onin' barliq zatlari ha'rekette. Didronin' pikirinshe , barliq zatlar u'zliksiz o'zgerip turadi.

Du'nyanin' zatlari barliq waqitta u'zliksiz payda boliwda ha'm rawajlaniwda. Didronin' ta'liymatinin' ayrim dialektikaliq ta'replerine Engels joqari baha beredi.

O'zlerinin' dialektikaliq ta'replerine qaramastan , frantsuz materialistleri ha'erketti , onin' materiya menen tig'iz baylanisin mexanikaliq tu'rde tu'sinedi.

Ken'islikti ha'm waqitti frantsuz materialistleri materiya bolmisinin' obiektivlik formalari retinde tu'sinedi. Barliq na'rseler ken'islikte ha'm waqitta jasaydi. "Men ha'tteki abstrakt oylawimda ken'islikti de ha'm waqitti da bolmistan ayira almayman." [16] - deydi Didro. Waqit tu'sinigi , onin' pikirinshe , qubilislardin' izbe-izligin , al ken'islik tu'sinigi qubilislardin' birge jasawin su'wretleydi.

O'zlerinin' biliw teoriyasinda frantsuz mareialistleri sensualist bolip tabiladi. Olardin' pikirinshe, barliq bilimlerdin' deregi, - seziw. Seziwler sirtqi qubilislar ta'sirinin' na'tiyjesinde payda boladi. Didronin' aytiwinsha adamzat seziwlerinin' en' uliwma sebebi – materiya bolip tabiladi. Seziwler – bul teoriyaliq oylawdin' tiykari, tamiri. Didronin' pikirinshe , oylaw ha'reketi seziwlerdin' jiyindisinan ibarat.

---

[15] P.Golbax. Sistema prirodi. M 1940 24-bet

[16] Didro Soshinenie M 1953 II tom 42- bet

Frantsuz materialistlerinin’ biliw teoriyasinin’ tiykarg’i kemshiliklerinin’ biri praktikanin’ a’hmiyetin tu’sinbewshiliginde. Olar praktikag’a ko’binese eksperiment retinde qarag’an. Sirtqi du’nyanin’ qubilislarin ta’biyiy sebepler menen tu’sindirip, frantsuz materialistleri diniy ko’z qarasqa qarsi shig’adi. Haqiyqatinda da olar hesh qanday ka’ramat joq deydi. Quday adamlardi jaratqan emes, al admlar qudaydi oylap shig’ardi. Din ha’m qudaydin’ payda boliwinin’ sebebi – haqiyqatliqtin’ nadanlig’i ha’m bilimsizligi. Din adamlardin’ sanasin buzadi ha’m olardi ruwxaniylardin’ qullarina aylandiradi. Frantsuz materialistleri ma’deniyat ha’m bilim massag’a ken’nen taratilsa dindi jen’ip shig’iwg’a boladi, degen edi. Frantsuz materialistleri dinnin’ payda boliwinin’ sotsialliq tamirlarin asha almadi. Biraq olardin’ filosofiya tariyxinda frantsuz burjuaziyaliq demokratiyaliq revolyutsiyasin tayarlawdag’i xizmeti joqari esaplanadi.

## 2.2Gelvetsiy ha’m Golbaxtin’ materialistlik ta’liymati

Gelvetsiy Klod Adrian (1715-1771) frantsuz materialist filosofi, psixologi. 1715-jili Parijde saray ta’wibi shan’arag’inda tuwilg’an. Onin’ a’wladlari negizi shvetsariyaliq bolg’an. Kolledjde oqip ju’rgen gezlerinde Volterdin’ “Filosofiyaliq xatlari” ta’siri astinda Lokktin’ “Insan aqilinin’ ta’jiriybesi” shig’aramasi menen tanisip shiqqannan keyin, materialistlik sensualizm onin’ diqqat itibarin o’zine tartti.Lokktin’ bul ta’liymatinan insan ha’m ja’miyetti jaqsi tu’sinip aliw ushin paydalaniwdi o’z aldina maqset etip qoydi. Ata-anasinin’ qa’lewi menen saliq mekemesinin’ shinovlikligine tayarliq ko’riw menen birge , ko’p waqtin a’debiyat ha’m filosofiya menen shu’g’illaniwg’a ajiratip, bir neshe qosiqlar ha’m bir tragediyaliq shig’arama jazdi. Volter Gelvetsiydin’ a’kesi menen tanis bolg’an. Og’an ulinin’ a’debiy dramatik tarawg’a qizig’iwi ha’m bul tarawda qa’biliyeti ku’shli ekenligi haqqinda aytadi. Keyin ala Gelvetsiydin’ Volter menen tez-tez ushirasiwi, sa’wbetleri ha’m jazispalari onin’ du’nya qarasinin’ rawajlaniwina, filosofiyaliq pikir ju’ritiwine, do’retiwshiligine na’tiyjeli t’asir ko’rsetedi.

Saliq jiynawshi lawaziminda islep ju'rgen gezlerinde nizamsizliqlar ha'm adalarsizliqlardi joq etiw jolinda izlenedi. 1751-jili saliq jiynawshi mekemesindegi jumisinan ketip , o'zin pu'tkilley filosofiyag'a bag'ishlaydi. Filosoflar arasinda birinshi bolip jeke salonin ashadi. Ol jerge keliwshiler menen o'zin qiziqtirg'an mashqalalar haqqinda diskussiya sa'wbetlerin ju'ritetug'in edi. Ol Golbax ha'm Didro menen jaqinnan baylanista bolg'an. Gelvetsiy o'zinin' 20 jilliq do'retiwshiliginin' jemisi bolg'an "Aqil haqqinda" shig'armasin 1758-jilda baspadan shig'ardi. Bul onin' baspadan shiqqan birinshi shig'armasi bolip, ken' ja'ma'a'tshilik ortasinda u'lken qizig'iwshiliq oyatti ha'm XVIII a'sirde Frantsiyada naturfilosofiyaliq pikirlerdin' rawajlaniwina na'tiyjeli ta'sir ko'rsetti.
Gelvetsiydin' shig'armalarinda Lokktin' sensualistlik ta'liymati o'z ko'rinisin tabadi. Keyingi shig'armasi "Insan haqqinda" 1777-jili jazilg'an. Biraq bul shig'armani baspadan shig'ara almadi. Keyin ala bul shig'armani Rossiyanin' Gollandiyadag'i elshisi Golitsinnin' ha'reketi menen baspadan shig'ariladi. Usilay etip filosof 56 jasinda du'nyadan o'tti.
Gelvetsiydin' filosofiyasi materiya ha'm onin' qa'siyetleri haqqindag'i ta'liymatinda ko'zge taslanadi:"Materiyadan aldin ma'kan ha'm, zaman ha'm bolmag'an, onin' o'zi barliq na'rsenin' baslamasi, degen pikirlerin Momdjyan o'zinin' shig'armasinda aytip o'tedi.[17] Du'nyanin' ha'r tu'rliligin da'lillewde ol materiya ha'm ha'rekettin' birlemshi ekenligi haqqinda ta'liymatqa su'yenedi. Ha'mme na'rse ha'rekette boladi, rawajlanadi ha'm o'ledi. Barliq na'rse bir halattan ekinshi halatqa o'tip turadi"- deydi. Gelvetsiy materiya ha'm ha'rekettin' birligi ideyasin alg'a su'rip qoymastan , sonin' menen birge materiya ha'm sananin' birligi ideyasinda alg'a su'redi. Onin' pikirinshe sana materiyanin' qa'siyeti. Na'rselerdin' qa'siyeti na'rselerdin' o'zisiz bar bolmag'ani siyaqli sana materiyadan ajiralmaydi. Onin' materiya ha'm ha'rekettin', materiya ha'm sananin' birligi haqqindag'i ta'liymati du'nyada g'ayrita'biyiy na'rselerdin' bar ekenligin biykar etiwshi sheshimge alip keledi. Ta'biyat ha'm ja'miyettin' ju'zege

[17] Momdjyan "Filosofiya Gelvetsiya" M 1995

keliwi ha'm rawajlaniwi ta'biyattin' o'zinen kelip shiqqan halda tu'sindiriliwi kerek.
Gelvetsiy ilimiy biliwdi sirtqi a'lemnin' insan sanasinda adekvat ta'rizde sa'wleleniwi dep biledi. Seziwlik obraz-bul sha'rtli belgi emes , balki na'rselerdin' nusqasi. Seziwler sirtqi na'rselerdin' ta'sirisiz ju'zege keliwi mu'mkin emes. Ol insang'a say eki ku'sh, eki qa'biliyet bar deydi. Birinshisi sirtqi ha'diyselerdi bizin' seziw ag'zalarimizg'a ta'sir qiliwi. Bul protsess sezim dep ataladi. Ekinshisi sirtqi na'rselerdin' bizge bolg'an ta'sirin saqlawshi belgi. Bul es delinedi. Gelvetsiy o'z biliw teoriyasinda insan aqilinin' jen'iliw sebepleri haqqinda toqtalip, olardi insan sezim-tuyg'ilarinda faktlerdi bilmewde, so'zlerdin' ma'nisin natuwri tu'siniwde dep biledi. Sonday-aq ol biliw teoriyasinda ta'jiriybe tu'sinigin kiritiw za'ru'rligi haqqinda aytadi. Biraq oni ilimiy jaqtan sheship bere almaydi.
Onin' pikiri boyinsha obektiv tu'rde jasaytug'in materiya seziwlerdin' ja'rdemi menen bilip alinadi. Ol oylawdi a'piwayi tu'sindirdi, oni seziwlerdin' birlestiriliwi dep tu'sindi. Ol adamzat xarakterin ta'rbiyalawda ja'miyetlik ortaliqtin' ro'lin atap o'tti. Onin' pikiri boyinsha ja'miyetlik rawajlaniwda belgilewshi ro'ldi adam sanasi ha'm intasi u'lken a'hmiyetke iye.
Gelvetsiy biliw teoriyasinda agnostitsizmge qarsi bolip, materialistlik sensualizm ta'repdari. Ol este saqlawdi biliwdin' ekinshi qurali, oylaw seziwlerimiz jiyindisi dep tastiyiqlaydi. Gelvetsiy qudaydin' barlig'i, a'lemnin' jaratilg'anlig'i, jannin' o'lmesligi ideyalarin sing'a aldi. Ol sotsialliq ortaliq degende siyasiy turmisti, nizamshiliqti tu'singen. Sotsialliq turmis yuridik nizamlarg'a baylanisli dep, ten'likti adamlardin' nizam aldinda ten'ligi ma'nisinde bayan etken. Ol uliwmaliq ten'likti biykar qilg'an.
Tiykarg'i shig'armalari: "Aqil haqqinda" (1758) , "Insan, onin' aqiliy qa'biliyetleri ha'm ta'rbiyasi haqqinda" (1772)

Golbax Pol Anri (1723-1789) frantsuz filosof materialisti, nemis baroni. Negizgi ati Paul Ditrix bolg'an. 12 jasinda Parijde jasay baslaydi. Leyden universitetinde

ta’lim aladi. Onin’ basli shig’armalari: “Ta’biyat sistemasi” (1770) , “Xristanshiliqti a’shkaralaw” (1761) , “Aqil deregi” , “Sotsialliq du’zim” , “Ruwxaniyler galereyasi” , “Universal a’dep ikramliliq” .

Ta’biyatti tu’siniwde Golbax determinist bolg’an. Insan – ta’biyattin’ jemisi , ol ta’biyatta jasap onin’ nizamlarina boysinadi, onnan qutila almaydi. Bizin’ barliq ag’zalarimiz , pikirlerimiz ha’m bilimlerimiz, o’zimizdin’ ta’biyatimiz toqtawsiz ha’reket arqali bizge baxit a’keliwge umitiladi. Bizin’ pikirlesiwimiz , nege qa’dir ekenligimiz ha’m nege erisiwimiz za’ru’rligi – bulardin’ barlig’in ta’biyat inam etken. Adamlar ta’biyatti u’yrenbesten turip o’z qudaylarin jaratadi. Qudaylar olardin’ birden-bir u’mitleri ha’m qutqariwshilarina aylanadi. Ta’biyatta tek ta’biyiy sebep ha’m aqibetler boliwi mu’mkin. Golbaxtin’ pikirinshe ta’biyatta barliq na’rseler za’ru’riy sebepler arqali ju’zege keledi. Tosinnanliqti biykar etedi. Tosinnanliq bul bizin’ bilimsizligimiz aqibeti. Ol usinday etip sebeplilikti za’ru’rlilik penen ten’lestirip jiberdi.

Golbax materiya ha’m ha’rekettin’ birligi ma’selesine u’lken itibar qaratti. En’ quramali ha’reketler ha’m a’piwayi ha’reketler birliginen ibarat. Sonin’ ushin biz denelerdin’ uliwmaliq nizamlari ha’m olardin’ ha’reketin bilsek , bul olardin’ quramin bo’leklerge bo’liwge jeterli tiykar boladi ha’m olardi payda etiwshi a’piwayi ha’reketlerdi aship berip , quramali protsessti analiz etiw imkanin beredi. Ta’jiriybenin’ o’zi kutilip atirg’an aqibetti ko’rsete aladi.

Ta’biyatta barliq na’rseler bir-biri menen baylanisli bolsa , onda barliq ha’reketler ta’biyatta bir-birinen kelip shig’adi. Onin’ pikirinshe du’nyada barliq na’rseler ha’mme waqitta o’zgeriste ha’m rawajlaniwda, bar boliwda ha’m jog’aliwda boladi.

Golbax jer ha’m ondag’i tiri organizmler o’zlerinin’ payda boliwinda uzaq tariyxqa iye degen evolyutsion ko’z qaras ta’repinde turdi. Biraq Golbax ha’reketti mexanistik ta’rizde tu’sinip , oni na’rselerdin’ ma’kandag’I orin almasiwi dep biledi. Onin’ filosofiyaliq ta’limatinda sebeplilik, za’ru’rlilik, tosinnanliq, erkinlik ha’m basqa filosofiyaliq kategoriyalar a’hmiyetli orin iyeleydi. Bul kategoriyalardi mexnistik ha’m metafizik pozitsiyada tu’sindiredi. Ol

sebep ha'm aqibet kategoriyalarin bir-birinen ajiratip qoyadi. Tiykardi qubilistan ajiratip qoyiwshi ta'liymatqa qarsi gu'resip , ko'binshe olardi bir-biri menen aralastirip jiberedi.

Ol Berklidin' ta'liymatin kritikalaydi. Onin' pikirinshe , materiya- bul bizin' sezimlerimizge ta'sir etetug'in barliq na'rseler, ol o'zgermeytug'in ha'm bo'linbeytug'in atomlardan turadi, olardin' qa'siyetleri – uzaqliq, salmaq, figura, o'tkizbewshilik. Ha'reket sonday-aq materiyanin' atributi. Oni denelerdin' ken'islikten a'piwayi almasiwi, dep qaradi.

Golbax pikirinshe sirtqi predmetler tek ideyalardi keltirip shig'armastan, ba'lki bul ideyalarda sa'wlelenedi. Ideyalar sirtqi predmetlerdin' obrazi.

Golbax haqiyqattin' miyzani sipatinda ta'jiriybeni aytadi. Ko'binshe Golbax ta'jiriybe degende sotsialliq a'meliyattin' bir ko'rinisi , yag'iniy ilimiy eksperimentti tu'sinedi.

Materiya ha'm sananin' birligi ma'selesinen kelip shig'ip , ol sana materiyanin' ha'mme ko'rinislerin bile aliw qa'biliyetine iye dep tastiyiqlaydi. Onin' tu'siniginshe, adam ta'biyattin' nizamlarina bag'ing'an onin' bo'legi. Determenizmdi qorg'ap, sonin' menen birge sebeplilikti mexanistlik mag'anada tu'sindi. Ol ja'miyetke ko'z qarasinda idealist boldi. Tariyxta sheshiwshi ro'ldi nizam shig'ariwshilar xizmetine berdi. Bilimlendiriwde adamlardin' azat boliwinin' jolin izledi. O'z ta'biyatin bilmewshilik adamzatti qulliqqa tu'siredi ha'm hu'kimettin' qurbani boladi, rawajlanip atirg'an burjuaziyaliq ja'miyettin' aqil patshasinin' ornawi dep tu'sindiredi. "Ta'biyat sistemasi" shig'armasi frantsuz materializmi ha'm ateizminin' tiykarg'i shig'armasi esaplanadi. Onda materiya ta'biyatta jaratilmag'an ha'm joq bolmaydi, insan sanasinan g'a'rezsiz dep tu'sindiredi. Golbax pikirinshe seziw ag'zalarimizg'a qanday bolsa da ta'sir ko'rsetiwshi barliq na'rseler materiya dep esaplaydi. Ha'reketti materiyanin' qa'siyetinen za'ru'riy ra'wishte kelip shig'atug'in jasaw usili dep ta'riyipleydi. Golbax insan qa'siyetin tu'siniwde evolyutsionizm ko'z qarasinan turip, insan o'z o'zinen rawajlanip ta'biyattin' obektiv nizamlarina tolig'insha boysinadi dep esaplaydi. Ol sotsialliq rawajlaniwda insan ma'pleri ha'm qa'lewleri jetekshi

a’hmiyetke iye ekenligin aytadi. Ol ma’mlekettin’ kelisim tiykarinda ju’zege keliwi haqqindag’i ta’liymattin’ ta’repdari bolg’an. Golbax feodalliq du’zimdi qatti sing’a aladi. Biliw teoriyasinda materialistlik sensualizm ko’z qarasinan turip, agnostitsizm h’am tuwma ideyalar ta’liymatina keskin qarsi shiqqan.

Golbax din ha’m shirkewdi keskin kritikalag’an. Ol dinnin’ kelip shig’iw ma’selesine u’lken itibar berdi. Onin’pikirinshe din kelip shig’iwinin’ haqiyqiy sebeblerin biliw adamlardin’ din shinjirinan azat qiliwshi joldi biliwge alip keledi.

Golbax basqa frantsuz materialistleri siyaqli dinge qarsi gu’resiwdin’ birden bir joli ag’artiwshiliq dep biledi. Ol ja’miyettin’ qatlamlarg’a bo’liniwin sing’a aladi. Ol ha’mme adamlardin’ nizam aldinda ten’ligi ideyasin qorg’aydi. Ol ma’mleketti basqariwdin’ konstitutsiyaliq monarxiya ta’repdari boladi. Golbaxtin’ bul ta’liymati filosofiya ha’m sotsialliq siyasiy pikirler rawajlaniwi tariyxina u’lken u’les qosti. Golbax ha’m Gelvetsiydin’ filosofiyaliq ta’liymati menen bir qatarda XVIII a’sirdegi ulli frantsuz revolyutsiyasin ideyaliq jaqtan tayarlawda a’hmiyetli orin tutqan.

## Juwmaqlaw

Frantsiyada filosofiyaliq oydin' rawajlaniwi bilimlendiriwdin' ken' ma'deniy ideologiyaliq ag'artiwshiliq ha'reketinin' tiykarinda a'melge asti. A'sirese frantsuz materialistleri sol waqittag'i progressivlik burjuaziyaliq toparlardin' ma'pin bildiredi, olar Frantsiyada burjuaziyaliq revolyutsiyani ideologiyaliq jaqtan tiykarlawda u'lken ro'l atqaradi. Olar feodalizm ja'miyetinin' du'zilisine , onin' ra'smiy idealogiyasina, yag'iniy diniy sxolastikag'a ha'm idealizmge qarsi qatan' gu'res alip bardi. Frantsuz materializminin' rawajlaniwina belgili da'rejede u'les qosqan oyshil Gelvetsiy bolip, sotsialliq turmis yuridik nizamlarg'a baylanisli dep, ten'likti adamlardin' nizam aldinda ten'ligi ma'nisinde bayan etken. Biraq ol uliwmaliq ten'likti biykar qilg'an.Golbax basqa frantsuz materialistleri siyaqli dinge qarsi gu'resiwdin' birden bir joli ag'artiwshiliq dep biledi. Ol ja'miyettin' qatlamlarg'a bo'liniwin sing'a aladi.Ol ma'mleketti basqariwdin' konstitutsiyaliq monarxiya ta'repdari boladi. Solay etip, Gelvetsiy ha'm Golbaxtin' bul ta'liymati filosofiya ha'm sotsialliq siyasiy pikirler rawajlaniwi tariyxina u'lken u'les qosiw menen bir qatarda XVIII a'sirdegi ulli frantsuz revolyutsiyasin ideyaliq jaqtan tayarlawda a'hmiyetli orin tutqan. Ag'artiwshilardin' du'nyag'a ko'z qarasi sistemasi tek g'ana sotsialliq ideyalardan turmay, al ol matematikaliq ha'm su'wretlewshi ta'biyattaniw bilimin sa'wlelendiriwshi materialistlik te, ateistlikte ideyalardi o'z ishine qamtidi. Filosofiyanin' keyingi rawajlaniwi ag'artiwshilardin' du'nyag'a materialistlik ko'z qarasinin' ayrim jag'daylarinin' isenim da'rejesinde qabil etilgen dogmalar ekenliginen derek berdi.

XVIII a'sirde Frantsiyanin' ja'miyetlik siyasiy turmisinda ju'z bergen ag'artiwshiliq ha'reketi Frantsuz tariyxinda o'shpes iz qaldirdi. Bul ha'reket tek ga'na Frantsiyanin' ja'miyetlik turmisina emes , al qon'islas ma'mleketler esaplang'an Angliya, Germaniyanin' da sotsialliq turmisina o'zinin' ta'sirin tiygizbesten qalmadi. Ag'artiwshiliq ha'reketi ja'miyette hu'kim su'rip turg'an

a'dalatsizliqqa, kemshiliklerge, feodalizm ha'm shirkewge qarsi qaratilg'an edi. Sol da'wirde frantsuz ag'artiwshilarinin' ag'artiwshiliq ideyalari katolik shirkewine ha'm absolyutizmge qarsi qaratilg'an ideyalar menen suwg'arilg'an. Ag'artiwshiliq ha'reketi ma'mleketli du'zimdegi a'dalatsizliqlardi tu'sindirgende xaliq o'zinin' awir jag'dayda jasap atirg'anlig'in bilmeydi. O'zlerinin' ezilip turmis keshirip atirg'anlig'in du'nyanin'ta'biyiy halati dep esaplaydi. Al ag'artiwshiliq ha'reketinin' maqseti xaliqqa onin' jasaw jag'dayinin' sebebin tu'sindiriw kerek. Sebebi xaliq sanali tu'rde ha'kimiyat ha'm shirkew ta'repinen aldanip atir. Biraq usinday boliwina qaramastan ma'mleketlik du'zimnin' universal sistemasin islep shig'iw mu'mkin emes. Belgili frantsuz ag'artiwshisi Monteskie ma'mleketlik basqariwda konstitutsiyaliq monarxiyni maqullaydi ha'm ol monarxtin' ha'kimiyati nizam menen sheklengen boliwi kerek deydi. Frantsuz ag'artiwshilarinin' jetekshisi Volter bolsa shirkewge, dinge qarsi gu'resip, ateizmdi tolig'i menen biykarlaydi. Onin' pikirinshe din a'piwayi bilimsiz miynetkesh xaliq ushin kerek. A'sirese Volterdin' insanlar ja'miyette birlesip jasasa g'ana o'zlerinin' insaniylig'in saqlap qaladi degen pikiri u'lken a'hmiyetke iye. Sonday-aq ag'artiwshiliq ha'reketi belgili da'rejede ilimpa'nnin' rawajlaniwinada o'zinin' ta'sirin tiygizdi.

Ag'artiwshiliq da'wirinin' a'hmiyeti:

-ilimde ta'biyattaniw biliminin' rawajlaniwina ta'sirin tiygizedi, onin' jetiskenliklerin bul da'wir progresske isenimdi ha'm ko'z qaraslardin' ilimiy shinlig'in da'lillew ushin qollanadi;

-filosofiyada ol qa'legen metafizikag'a qarsi turadi, ratsionalizmnin' qa'legen tu'rinin' rawajlaniwina ta'sirin tiygizedi;

-moral ha'm pedagogika tarawinda gumanistlik ideallarin bekkemleydi;

-huqiqtaniwda, siyasatta ha'm ja'miyetlik-ekonomikaliq turmista adamnin' a'dilsiz shirmawdan qutiliwin, azat boliwin, barliq adamlardin' nizam aldindag'i ten'ligin alg'a su'redi.

Ag'artiwshiliq ideologiyasi XVIII-XIX a'sirlerdegi burjuaziyaliq revolyutsiyalardin' na'tiyjede ju'z bergen ja'miyetlik qayta quriwlardin' tiykarina

qoyildi.Bul da'wir XVIII a'sir filosofiya tariyxinda bilimlendiriw da'wiri dep ataldi.

---

## Paydalanilg'an a'debiyatlar:

---


1. Karimov I.A "O'zbekstan XXI a'sir bosag'asinda" Tashkent 2000
2. Karimov I.A "Yuksak ma'naviyat yengilmas kuch" Tashkent 2008
3. Karimov I.A "Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q" Tashkent 1998
4. A. Berdimuratova "Filosofiya" No`kis 2010
5. G. Skirbekk, N. Gilie "Falsafa tarixi" Toshkent 2002
6. Shermuxamedova N.A. "Gnoseologiya" Toshkent 2007
7. Yu.Alimbetov "Gnoseologiya lektsiyalar toplami"
8. Falsafa. Qomusiy lug`at. T. Sharq 2004
9. G`arb falsafasi. T Sharq 2005.
10. Falsafa. Faylasuflar milliy jamiyati T 2006.
11. Shermuxamedov S. Falsafa va ijtimoiy taraqqiyot T 2005.
12. P. Golbax. Sistema prirodi, M 1940.
13. Monteskie. Persidiskie pismo. M 1956
14. Didro. Sochineniya, M, 1953, II tom
15. Monteskie. Izbr. Proiz. M.1995.
16. Volter. "Quday ha'm adamlar." II tom M.1961
17. Spirkin A. Filosofiya M 2009.
18. P.Seytov "Filosofiya"
19. www.edu.uz
20. www.zamin.freenet.uz

21.www.ziyonet.uz

*Filososiya qa'niygeliginin' bakalavr basqishi 3-kurs studenti*

***Jan'abaeva Nurzadanin' "XVIII a'sirdegi Fransuz ag'artiwshilarinin' ja'miyetlik-filosofiyaliq ko'z qaraslari"***

temasindag'i  kurs jumisina

**Pikir:**

Ja'nabaeva Nurzadanin' ***"XVIII a'sirdegi Fransuz ag'artiwshilarinin' ja'miyetlik-filosofiyaliq ko'z qarasolari"*** temasindag'i jan'a zaman filososfiyasi tariyxi pa'ninen jazilg'an kurs jumisi kirisiw, tiykarg'i bo'lim, juwmaqlaw bo'limlerin, paydalang'an a'debiyatlar dizimin ha'm qosimshalardi o'z ishine qamtig'an.

Jumistin' kirisiw bo'liminde avtor o'zinin' izetlew jumisinin' aldina qoyg'an maxset ha'm waziypalarin, ilimde izertleniw da'rejesin, sonday aq aktuallig'in ha'r ta'repleme tiykarlap beredi.

Tiykarg'i bo'limde Fransuz ag'artiwshilarinin' filosfiyaliq ta'limatlarinin' qa'liplesiwi, olardin' ideyaliq negizleri ha'm do'retiwshilikleri, materialistlik ko'z qaraslari, biliw teoriyasi, ja'miyetlik siyasiy pikirleri qarap shig'iladi.

Biraq jumista aytarliqtay kemshiliklerde orin alg'an. Ma'selen: Gelvetsiy ha'm Golbaxtan basqada Fransuz ag'artiwshilarinin' ko'z qaraslarin toliq ko'rip shiqqanda maxsetke muwapiq bolar edi.

Kemshiliklerdi saplastiriw sha'rti menen kurs jumisin qorg'awg'a usinis etiwge boladi.

**Ilimiy basshi:** **dots: U.K. Xudaybergenova**